



## Danje Ki Gen Nan Monoksid Kabòn

*-Si ou pran prekosyon pou sekirite nan dèlko sa kapab ede ou pa anpwazonnen-*

### DAT DÈNYE CHANJMAN: 02/2014

Pandan moun Florida kòmanse travay preparasyon pou yon onn twopikal oswa pou yon ouragan, Depatman Sante Florida (DOH) ankouraje publik la pou yo pa ekspoze yo nan monoksid kabòn (CO). Pou fè sa, yo kapab pran anpil prekosyon avèk aparèy kay ki fonksyone avèk gaz epitou avèk griy ki fonksyone avèk chabon bwa oswa gaz.

Monoksid kabòn se yon gaz ki envizib, san odè, ak san gou, epi li ekstrèman toksik. Selon jan yon moun ekspoze ladan, CO ka lakòz li gen fatig, feblès, doulè nan pwatin pou moun ki gen maladi kè, souf kout lè moun nan ap fè egzèsis fizik, kèplèn, vomisman, maltèt, konfizyon, mank kowòdinasyon, vizyon twoub, pèdi konesans, epi nan plizyè ka, lanmò.

DOH rekòmande prekosyon ki anba la yo pou pa anpwazonnen nan monoksid kabòn:

- Pa limen griy ki fonksyone avèk chabon bwa oswa avèk gaz andedan yon kay, garaj, veyikil, tant, oswa chemine.
- PA janm itilize yon dèlko andedan kay, tankou nan kay, garaj, sousòl kay, espas sanitè, ak lòt kote ki fèmen nèt oswa ki pa fin fèmen nèt, menm avèk vantilasyon. Si ou louvri pòt yo ak fenèt yo oswa si ou itilize vantilatè sa p ap anpeche CO fè depo nan kay la.
- **TOUJOU** chèche inite ki deyò sou yon sifas sèk, lwen pòt yo, fenèt yo, bouch ayerasyon yo, ak ekipman èd-kondisyone ki kapab kite CO antre andedan kay la. Swiv eksplikasyon ki vini ansanm avèk dèlko ou.
- Enstale detektè CO ki fonksyone avèk pil oswa ploge detektè CO ki gen yon pil lè gen blakawout nan kay ou, dapre eksplikasyon manifakti a pou enstalasyon an. Detektè CO yo ta dwe sètifye dapre egzijans dènye prensip sekirite pou detektè CO yo (UL 2034, IAS 6-96, oswa CSA 6.19.01).
- Teste detektè Co ou yo souvan epi ranplase pil ki fini yo.
- Sonje ou pa kapab wè oswa pran sant CO, epi dèlko pòtatif yo kapab bay nivo avanse CO trè vit.
- Si ou kòmanse santi ou malad, ou gen vètij, oswa ou fèb pandan w ap itilize yon dèlko, ale kote ki gen lè fre TOUSWIT. PA RETE TANN.
- Si ou gen yon ijans akòz anpwazònman, rele Sant Enfòmasyon Pwazon Florida ki pi pre ou nan nimewo 1-800-222-1222. Si viktim nan tonbe oswa si li pa respire, rele 911 imedyatman.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri kontakte depatman sante konte kote w ap viv la, oswa konekte sou entènèt nan sitwèb [www.floridahealth.gov](http://www.floridahealth.gov) oswa nan [www.floridadisaster.org](http://www.floridadisaster.org).